



Pou Piblikasyon Imedya: 26/08/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 1,000 KAY ABODAB KI SIBLE GRANMOUN AJE NYCHA NAN SANTRAL BROOKLYN**

***Renovasyon Kay ak Kominote Eta New York ap Mete Sou Kote 15 Milyon Dola nan 9 pousan Kredi Taks Lojman Salè Fèb pou Finanse 1,000 Kay Abòdab***

***Kredi Taks Pral Finanse 100 pousan Devlopman Lojman Abòdab nan Santral Brooklyn sou Tè ki Pa Ase Itilize ke NYCHA Posede pou Rezidan NYCHA ak Lòt Granmoun Aje ki Genyen 62 An Oswa Plis***

***Inisyativ Sipò Vital Brooklyn 1.4 Milya Dola pou Gouvènè a ap Pwomouvwa Espas Lib ak Lwazi ki Enpòtan yo, Pwodwi Alimantè ki Bon pou Sante, Edikasyon, Responsabilizasyon Ekonomik, Prevansyon Vyolans, Swen Sante, ak Inisyativ Rezistans ki Baze sou Efò Planifikasyon Kominotè Solid***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodia ke Renovasyon Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York pral finanse 1,000 kay abòdab pou granmoun aje sou tè ki pa ase itilize Administrasyon Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA) nan Santral Brooklyn sa ki fè pati 1.4 milya dola Inisyativ Vital Brooklyn nan. Nouvo devlopman lojman ki fèk konstwi a, 100 pousan abòdab ke yo pral rann disponib pou rezidan NYCHA ak lòt granmoun aje, epi te finanse jiska 15 milyon dola nan 9 pousan Kredi Taks Lojman Revni Fèb (Low Income Housing Tax Credits) Federal la.

15 milyon dola kredi taks yo mete sou kote pou bati sou angajman 563 milyon dola Gouvènè a te pran pou kreye 3,000 apatman abòdab nan Santral Brooklyn nan kad Inisyativ Vital Brooklyn nan. Mwa Davril la, Gouvènè Cuomo te lanse dezyèm faz inisyativ Vital Brooklyn lan epi li [te anonse](#) senk Demann pou Pwopozisyon (Request for Proposals, RFP) pou konstwi plis pase 2,000 lojman abòdab epi fè vanse 563 milyon dola angajman inisyativ la pou konstwi 3,000 inite lojman abòdab nan Brooklyn Santral. Nan kòmansman ete sa a, Gouvènè Cuomo te [anonse](#) yon investisman 3.1 milyon dola pou renove ak transfòme uit jaden kominotè epi nan konsa pote koneksyon dlo dirèk ke 14 lòt jaden byen bezwen, yon pwojè k ap fini an otòn 2019. Avan sa a, Gouvènè a [te anonse](#) tou sit ak patenarya prensipal swen anbilatwa k ap fèt ak sis sant sante gouvènman federal la kalifye ki baze nan Brooklyn yo pou yo poze fondasyon pou [rezo](#) swen anbilatwa k ap gen 32 sit ki konte koute 210 milyon dola yo a.

Nan kòmansman mwa sa a, kòm pwochen etap inisyativ global la, Gouvènè Cuomo te anonse [nouvo mezi](#) l ap pran pou l ogmante aksè a pwodwi alimantè nourisan epi abòde pwoblèm ensekirite alimantè kwonik ak disparite sou plan sante ki genyen nan kominote Brooklyn Santral la yo.

Mwa sa a, Gouvènè a te anonse tou yon investisman 1.825 milyon dola nan nouvo mache mobil, ensekirite alimantè pou granmoun aje, mache agrikiltè ke jèn moun ap dirije, jaden kominotè, ak yon sant etid distribisyon manje, pou ede asire ke kominote lokal yo genyen kapasite pou achte manje fre ak lokal, epi resevwa sipò yo bezwen pou yon vi an sante pi gwo kalite.

“Chak moun New York merite jwenn aksè ak yon lojman ki gen sekirite, bon mache, epi pwòp -- li se fondasyon efò konplè n ap fè pou abòde disparite kwonik ki nan Santral Brooklyn”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Investisman sa a pral sezi potansyèl pwopriyete ki vid yo epi ede 1,000 granmoun aje deplase ale viv nan yon anviwònman ak sipòte efò nou yo pou amelyore byennèt ak opòtinite yo nan kominote sa yo.”

“Inisyativ Vital Brooklyn eta nou an kontinye ale devan ak solisyon ki pote inovasyon pou estimile lojman abòdab nan Santral Brooklyn”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Lojman abòdab se yon pati esansyèl nan estrateji nou pou amelyore kalite lavi pou tout moun New York ak espesyalman sitwayen granmoun aje yo. Anons jodia se yon investisman enpòtan pou asire yon avni ki pi fò pou Brooklyn.”

Investisman Gouvènè a baze sou epi bay kredi plizyè deseni efò devlopman kominotè nan Santral Brooklyn pou prezève lojman abòdab epi ogmante kantite moun ki posede kay. Oganizasyon ki baze sou kominote tankou East Brooklyn Congregations reyini kongregasyon, lekòl, asosyasyon mèt kay, ak rezidan lokal nan Bedford-Stuyvesant, Brownsville/Ocean-Hill, Bushwick, Crown Heights, ak katye New York Lès. Lidèchip lokal sa a bay yon opòtinite pou rezidan yo genyen yon vwa nan desizyon k ap pran nan sa k ap fèt nan kominote yo.

Gouvènè a te anonse jodia ke 1,000 Apatman granmoun aje, ke yo pwopoze pou pwopriyete NYCHA ki pa ase itilize nan Santral Brooklyn pral revize sou yon baz woulman ke HCR pral fè ofiramezi NYCHA rann pwopriyete yo disponib nan pwosesis dispozisyon li yo. Règleman federal yo mande pou NYCHA genyen fidbak lokatè yo, ak pibliye dispozisyon plan chak ane avan li otorize devlopman an.

Aprè NYCHA fin chwazi yon devlopman pou yon sit nan Santral Brooklyn epi li te fin resevwa enfòmasyon piblik la epi egzamine li, li pral kapab aplike HCR pou 15 milyon dola ki te sou kote a pou 9 pousan kredi taks lojman revni fèk federal la. Kredi taks se yon zouti prensipalman ki itilize pou depans finansman pou devlopman lojman pou rann yo abòdab.

Depi 2011, HCR te bay finansman pou kreye oswa prezève 14,600 kay abòdab nan Brooklyn ak yon investisman prèske 2 milya dola nan resous HCR yo.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renovasyon Kay ak Kominote yo nan Eta New York, te deklare,** “Gras ak lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York pral livre resous ke yo bezwen anpil nan kominote Santral Brooklyn yo pou ede asire ke tout

manb nan fanmi New York nou an gen opòtinite pou vin depase tèt yo. Lojman abòdab pou granmoun aje pral ranfòse Brooklyn Santral epi ede devlope ekonomi an”.

**Senatè Roxanne Persaud te deklare,** “Soti nan kay abòdab pou granmoun aje nou yo, pou rive nan manje sen ak jaden kominotè, Gouvènè Cuomo ap abòde chak ang nan revitalizasyon kominote nou an. M ap tann ak enpasyans pou Brooklyn Santral grandi ak pwospere ofiramezi investisman sa yo livre nan kominote nou yo”.

**Senatè Kevin Parker te deklare,** “Apwòch global Vital Brooklyn nan - soti nan swen sante pou rive nan manje sen rive nan lojman - ap prepare wout pou renesans Brooklyn Santral. Ak investisman nan lojman abòdab pou granmoun aje yo sou tè ki pa ase itilize NYCHA, n ap fè yon lòt pa nan direksyon yon avni meye”.

**Senatè Betty Little te deklare,** “Lojman abòdab jwe yon wòl pisan nan devlopman kominote yo, epi lè nou kreye li pou granmoun aje nou yo nou rann li posib pou yo viv nan katye yo ak resous ki fòme twal lavi yo. Se yon plezi pou mwen pou m kopere ak Gouvènè Cuomo ak kòlèg lejislatif mwen yo pou ede satisfè bezwen lojman tout kominote New York yo”.

**Latrice Walker, ki se Manm Asanble a, te deklare,** “Granmoun aje nou yo se manb esansyèl kominote nou an epi ap ede yo deplase nan kay ki san danje pi abòdab ap ede yo san dout, ansanm ak tout katye nou yo, pwospere. Mwen rekonesan ke Gouvènè Cuomo se yon lidè ki konprann kòman nou dwe abòde revitalizasyon kominote yo nan tout ang yo”.

**Manm Asanble Joseph Lentol te di konsa,** “Aksè ak lojman abòdab se yon dwa fondamantal, poutan anpil granmoun aje Brooklyn soufri ensekirite lojman oswa yo sanzabri nan awondisman nou an. Li ka difisil pou bay lojman ki 100 pousan abòdab, men gras ak inisyativ Vital Brooklyn sa a, Gouvènè Cuomo te jwenn yon fason pou bay 1,000 kay pou granmoun aje New York ki pi nan bezwen yo. Mèsi pou finansman sa a, omwen 1,000 moun Brooklyn ap sispan enkyete pou pèdi kay yo oswa lite pou jwenn yon kote pou viv ankò”.

**Manm Asanble Walter T. Mosley te deklare,** “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou lidèchip li ak devouman li pou rann lojman abòdab yon reyalite pou rezidan Brooklyn yo. Gras ak lojman abòdab sa yo, n ap asire nou ke chak sitwayen granmoun aje gen yon anviwònman ki an sekirite epi ki sen pou li viv, epi kontinye fè pwogrè nan direksyon yon pi gwo ekonomi ak yon kominote Brooklyn ki pi an sante”.

**Defansè Piblik Vil New York Letitia James te deklare,** “Inisyativ Vital Brooklyn sa a reprezante pi gwo investisman nan Brooklyn Santral ki janm fèt epi li egzakteman sa kominote sa a bezwen pou li pwogrese. Gras ak angajman san presedan sa a pou lojman abòdab, n ap konstwi yon sosyete ki pi fò, pi jis pou asire ke moun New York yo, ansanm ak granmoun aje yo santi yo byen akeyi yo nan kominote nou an. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman ekstrawòdinè li pou Brooklyn”.

**Manm Konsil Vil New York Robert Cornegy te deklare,** “Sou baz lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York ap tande sa kominote a bezwen epi l ap poze aksyon. Investisman san presedan sa a nan lojman abòdab ap abòde yon edfi esansyèl nan

Brooklyn epi l ap prepare wout pou yon pi bon avni pou jenerasyon ki pral vini yo. Ansanm nou pral asire nou ke moun New York genyen aksè ak lojman kalite ki abòdab”.

**Manm Konsil Vil New York, Laurie Cumbo, te di,** “Mwen felisite Gouvènè Cuomo pou angajman li nan kominote nou yo, ak inisyativ istorik konplè Vital Brooklyn sa a ansanm ak dènye pa li franchi nan envestisman sa a. Nouvo apatman lojman sa yo pral amelyore anpil kalite lavi granmoun aje nou yo ki nan bezwen. Mesi Gouvènè”.

**Manm Konsil Vil New York Ritchie Torres te deklare,** “Angajman Gouvènè Cuomo nan kesyon lojman abòdab la ak kanpe pou lokatè NYCHA yo se yon bagay enkonparab. Mwen aplodi anons sa a epi mwen remèsye Gouvènè a pou tout travay li nan ede moun New York yo gen lojman pi bon kalite”.

### **Enfòmasyon sou Biwo Renovasyon Kay ak Kominote Eta New York**

Ajans devlopman Biwo Renovasyon Kay ak Kominote Eta New York ap travay pou kreye, prezève epi amelyore kay a bon mache ak kominote dinamik, pou kenbe vizyon Gouvènè Andrew M. Cuomo a pou yon New York ki pi enkliziv, pi abòdab, pi dirab e pi solid pou New York. Depi premye manda Gouvènè Cuomo, HCR te kreye oswa prezève plis pase 98,000 atravè eta a. Sa genyen ladann plis pase 69,000 kay abòdab plizyè fanmi ki fè yon total 27 milya dola nan aktivite ekonomik, 11,200 ipotèk SONYMA pou moun k ap genyen kay premye fwa k ap bay yon total plis pase 2 milya dola. epi anviwon 18,250 kay ki te amelyore ak repare gras ak pwogram sibvansyon ki fè yon total 388 milyon dola. Gouvènè a te bay HCR misyon pou li livre 20 milya dola san presedan sa a, yon plan lojman senkan, sa ki rann lojman aksesib epi konbat pwoblèm sanzabri a pou kreye oswa prezève plis pase 100,000 lojman abòdab ak 6,000 ki akonpaye ak sèvis sipò. Plan an se yon apwòch global pou abòde pwoblèm lojman toupatou atravè eta a epi li gen ladan devlopman lojman kominotè kolektif ak pou yon sèl fanmi, ak estabilizasyon lwaye.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)